

# Ibijanye n' Ipfundo ry' Imikorere rya SBS

SBS ni imboneshakure ya leta yigenga y'igihugu cose, radiyo n'igisata ngurukanabumenyi n'amabanga y'umuryango wa Australia ahurikiye mu **Kirangantego cacu**. Duhabwa imfashanyo na Leta ya Australia n'ibiva mu gisata c'urudandazwa nka kirya co kwamamaza.

Mu bo dufatikanije dusangiye kudondagura amakuru yihariye nya Australia, amakuru yo ku mbuga no mu mahanga be n'ayagezweko, imyidagaduro, ayabera hanze be n'ayashakashatswe, imfungurwa, ireresi, be n'ibikorwa vya radiyo y'ikibano mu ndimi zirenga 60. Turi mu bihugu vya mbere bidondagura imigani, n'imboneshakure n'abasangwabutaka b'igihugu (National Indigenous Television (NITV)) gutanga ikirangaminsi biciye mu minyuro y'Abasangwabutaka

Kugira twemeze abenegihugu baronka ivyo biteze, dufise ipfundo ry'imikorere rya SBS, ari na ryo ritunganya amategeko n'ingingo za SBS zose zirimwo hatitahweho aho uhambije nko ku mboneshakure, radiyo, ku rubuga, canke ku gisenge bumenyi.



## Ipfundo ry'imikorere risahiriza ku ngingo z'inkoramutima nko:



### KWIZIGIRA

**Uko dutanga ibintu bikubiyemwo umwizero kandi nyakuri**

- Dufata ingingo zigenga ku bijanye n'ivyo dufise.
- Amakuru yacu be n'ibiri mu makuru agezweho aba atyorore, agereranije kandi adahengamye, kandi ku neza y'igihugu.
- Turakira uko ibintu bibonwa mu buryo bwaguye hongeweke n'ibiba vyitezwe - Ivyo dusohoye biba bishobora guhinyanyurwa kandi vyonabangama bikaba amayobera no kuba ibikaburana.



### IMBONANKUBONE

**Uko dufasha mu kwerekereza amahitamwo y-ivyawe**

- Dutanga inkuru wewe wihitiramwo ibintu bikubereye, hamwe n'abana canke imiyabaga iri mubo ureze.
- Turihweza neza ko ico twamamaza gitandukanye n'ivyacu kandi dushiraho amategeko ku bijanye n'ubwoko bw'ivyo twamamaza.
- Ibijanye n'ibishobora guhungabanya ivyo dufise, tubigenera abavyumviriza bake, ikarashishi rihanitse, turagabisha aho hose bikenewe, kandi tukavyerekana ku bikoresho bishobora guhinyanyurwa.



### ICUBAHIRO

**Uko dushira mu ngiro no kwamamaza icubahiro**



- Turinengesera ku bintu vyose vyozana amahinyu be n'ikumira harimwo ikoresha ridasiguritse ry'amamentanya, ahubwo tugakora igitumbereye gishitse.
- Dutanga ibintu be n'ibiri mu ndimi zitari mu Congereza kandi tugahamagarira ababukurikira kwiyongera ku rugero rwaguye.
- Twama tugavye ku bishikirizwa bijanye n'Abasangwabutaka kandi tukihweza imigirwa ijanye n'imico n'imigenzo y'Abasangwabutaka n'aba Torres Strait Islander.
- Turubahiriza ibinyegezwa vy'abantu, ari navyo dushira ku rugero rubereye mu vyo dushinzwe gutangaza.



### UMUSHINGE WO KWIZERWA

**Uko twizerwa**

- Turaguhunda inzira zishoboka kandi ziguha kugira ico ushikiriza ku bijanye n'ivyo dukora n'ibikorwa vyacu, haba gushimagiza canke kunegura.
- Dufise uko twitunganiye ku bijanye no kujurira vyenena kw'ipfundo ry'Imikorere, ari navyo vyasuzumwe n'Umuhuza wa SBS.



Urakeneye vyinshi

[sbs.com.au/aboutus/sbs-code-of-practice](https://sbs.com.au/aboutus/sbs-code-of-practice)